

Pare jan Kwa-Wouj mande a

Pran yon twous. Fè yon plan. Enfòmè w.

Li enpòtan pou w pare pou dezaz ki posib ansanm ak lòt ijans. Dezaz natirèl ak dezaz lòm pwovoke gen dwa frappe w lè ou p ap atann ou asa, nenpòt kilè ak nenpòt ki kote. Gen twa (3) aksyon tout moun kapab fè ki kapab fè ladiferans...

Lis kontwòl Kwa-Wouj la

- Mwen konnen ki kalite ijans oswa dezaz ki gen plis chans rive nan kominote mwen an.
- Mwen deja genyen yon plan pou fanmi a nan ka dezaz e mwen deja fè tout moun eseye plan an.
- Mwen gen yon twous preparasyon pou ijans.
- Omwen yon manm nan fanmi mwen gen fòmasyon pou founi premye swen ak reyanimasyon kadyo-pilmonè (RCR)/defibrilatè ekstèn otomatize (DEA).
- Mwen te pran aksyon pou ede kominote mwen pare.

Pran yon twous.



Mwen genyen omwen founiti debaz ki liste annapre a. Kenbe founiti yo nan yon twous preparasyon pou ijans ki fasil pou pote ou kapab itilize lakay ou oswa ou kapab mennen avèk ou sizoka ou ta dwe evakye.

- Dlo—yon galon pou chak pèsòn, pa jou (rezèv pou 3 jou sizoka ou ta dwe evakye, rezèv pou 2 semèn pou lakay ou)
- Manje—non-perisab, bagay ki fasil pou pare (rezèv pou 3 jou sizoka ou ta dwe evakye, rezèv 2 semèn pou lakay ou)
- Flach
- Radyo ki mache avèk pil oswa ki fonksyone avèk yon manivèl (Radyo Lameteyo NOAA, si posib)
- Pil anrezèv
- Twous premye swen
- Medikaman (rezèv pou 7 jou) ak prodwi medikal
- Zoutiki kapab sèvi pou anpil bagay
- Prodwi sanitè ak atik pou liyèn pèsònèl
- Kopi dokiman pèsònèl (lis medikaman ak enfòmasyon medikal enpòtan, dokiman ki pwouve kote w rete a, tit pwopriyete/kontra lokasyon kay ou, paspò, batistè yo ak kontra asirans yo)
- Selilè avèk chajè yo
- Enfòmasyon pou kontakte fanmi w ak nan ka ijans
- Lajan kach
- Kouvèti anrezèv
- Plan zòn la

Analize bezwen chak manm nan fanmi w ajoute rezèv nan twous ou. Men lis atik yo rekòmande pou ede satisfè bezwen adisyonèl yo :

- Foutini medikal (aparèy pou tande avèk yon rezèv pil, linèt, lantiy kontak, sereng, baton pou mache)
- Atik founiti pou tibebe (bibwon, poud pou mete nan bibwon tibebe, bebifoud, kouchèt)
- Jwèt ak aktivite pou timoun
- Atik pou bèt (kolye, lès, etikèt idantite, manje, bwat pou pote yo, bòl)
- Radyo wòki-tòki
- Yon lòt seri kle pou kay la ansanm ak pou machin lan
- Yon ouv-bwat ki pa mache ak elektrisite

Lòt founiti ou dwe kenbe lakay ou oswa nan twous ou ki baze sou kalite dezaz ki rive anpil nan zòn ou:

- Siflèt
- Mask N95 oswa pou operasyon chiriji
- Alimèt
- Manton pou lapli
- Sèvyèt
- Gan pou travay
- Zouti/founiti pou ranfòse lakay ou
- Rad, chapo ak soulye ki solid
- Fèy plastik
- Tèp adezif
- Sizò
- Blitch (javèl)
- Bagay pou divètisman
- Kouvèti oswa sak kouchaj

Kite fanmi w konnen ou pa an danje

Enfòmè pwòch ou konsènan sit Wèb An sekirite e anfòm Kwa-Wouj Ameriken la ki disponib grasa [RedCross.org/SafeandWell](http://www.redcross.org/SafeandWell). Zouti ki baze sou Entènèt sa a ta dwe entegre nan plan kominikasyon pou ijans ou. Moun ki andedan yon zòn kote fèk gen yon dezaz ki rive gen dwa enskri yo nan lis moun ki “pa andeje e ki anfòm” e tout fanmi ak zanmi ki gen enkyetid ki konnen nimewo telefòn oswa adrès moun sa a kapab chèche mesaj moun ki enskri tèt yo te poste. Si w pa gen aksè nan Entènèt, rele **1-866-GET-INFO** pou kapab enskri tèt ou ansanm ak fanmi w.

Fè yon plan.



- Fè yon reyinyon avèk fanmi w oswa moun ki abite avèk ou.
- Diskite kijan pou w pare e pou w fè fas ak ijans ki gen pi chans pou yo rivekote ou rete, ou etidye oswa ou travay e ou jwe.
- Idantifye responsabilite chak manm nan fanmi w genyen e fè plan pou kapab travay ansanm kòm ekip.
- Si gen yon manm nan fanmi w ki nan lame, fè plan pou fikse kijan ou ta aji si yo te voye yo nan lagè.

Fè plan pou detèmine sa pou tout moun fè sizoka nou ta separe pandan yon ijans

- Chwazi de (2) andwa koyte nou kapab kontre :
 - Deyò lakay ou sizoka ta vin genyen yon ijans, tankou yon dife
 - Andeyò katye w, sizoka ou pa kapab tounen lakay ou oswa si yo mande w evakye
- Chwazi yon moun pou kontakte nan ka ijans ki pa abite nan menm zòn la avèk ou. Li gen dwa pi fasil pou voye yon tèks-mesaj-oswa pou rele long distans si liy telefòn lokal yo gen twòp chaj oswa si yo pa mache. Tout moun ta dwe genyen enfòmasyon moun yo dwe kontakte nan ka ijans ki ekri yon kote oswa ki pwograme nan selilè yo deja.

Fè plan pou konnen sa pou w fè si ou dwe evakye

- Deside ki kote ou ta prale ak ki wout ou ta pran pou rive nan kote sa a. Ou gen dwa pito ale nan yon otèl/motèl, rete kay zanmi w oswa fanmi w nan yon kote ki san danje oswa ale nan yonabri evakyasyon si sa nesèsè.
- Fè egzèsis evakyasyon pou evakye lakay ou de (2) fwa chak ane. Kondwi machin ou sou wout ou gen lentansyon fè pou evakye e sèvi ak plan ou pou reflechi sou ki lòt wout ou ta ka fè sizoka machin pa kapab sikile nan sèten kote.
- Reflechi alavans sa w ap fè avèk bèt ou yo. Kenbe yon lis telefòn tout lotèl/motèl ki akseptè bèt abri pou bèt ki sou wout evakyasyon ou yo.

Enfòmè w.



Aprann ki kalite dezaz oswa ijans ki gen dwa rive nan zòn ou. Pami evènman sa yo, gen dwa genyen evènman ki afekte w oumenm ak fanmi w sèlman, tankou kay ou ki pran dife oswa yon ijans medikal, oubyen evènman ki afekte tout kominote w, tankou yon tranbleman tè oswa yon inondasyon.

- Idantifye kijan otorite lokal yo pral avèti w pandan yon dezaz e kijan w ap jwenn enfòmasyon, kèlkeswa si se grasa radyo lokal, chèn televizyon oswa stasyon Radyo Lameteyo NOAA yo.
- Aprann ki diferans ki genyen pami alèrt lameteyo tankou siveyans ak avètisman e ki aksyon ou ta dwe pran pou chak.
- Konnen ki aksyon ou ta dwe pran pou pwoteje tèt ou pandan dezaz ki gen dwa rive nan zòn kote w ap deplase oswa kote ou fèk demenaje toulòtjou. Pa egzanz, si w prale nan yon andwa kote tranbleman tè pa rive souvan e ou pa konnen fenomèn sa a byen, pa bliye aprann sa w dwe fè pou kapab pwoteje tèt ou sizoka youn ta vin frappe zòn ou.
- Lè yon kokennchenn dezaz rive, kominote w gen dwa transfòmè san ou pa gen tan pou di "Oh". Pwòch ou gen dwa blese e sèvis ijans yo gen dwa pa kapab rive touswit. Fè atansyon pou omwen yon moun nan moun ki rete avèk ou resevwa fòmasyon nan premye swen ak nan RCP (reyanimasyon kadyak-pilmonè) e ke li konnen kijan pou l sèvi ak yon defibrilatè ekstèn otomatize (DEA). Fòmasyon sa a itil nan anpil sityasyon ijans.
- Pataje sa w te aprann avèk fanmi w, moun ki abite avèk ou ak vwazen ou yo e ankouraje yo pou ale chèche enfòmasyon.

Kat kontak ijans pou tout moun ki abite avèk ou

Pran kat ou sou Entènèt nan <http://www.redcross.org/prepare/ECCard.pdf>.

- Enprime yon kat pou chak manm nan fanmi w.
- Ekri enfòmasyon kontak la pou chak moun ki abite avèk ou, tankou nimewo travay, lekòl ak nimewo selilè yo.
- Pliye kat la pou li kpaba antre nan pòch ou, nan pòtfèy oswa nan sak ou.
- Pote kat la avèk ou pou li kapab disponib - sizoka ta gen yon dezaz oswa yon lòt ijans.



American Red Cross

Serving King & Kitsap Counties

Si w bezwen plis enfòmasyon sou preparasyon pou dezaz ak ijans, ale nan seattleredcross.org.

206.323.2345, 360.377.3761 or TTY 206.720.5392

Dwa dotè © 2009 anfavè Kwa-Wouj Ameriken